# Nuh Sareng Caah Gede




Ditulis ku Edward Hughes
Ilustrasi/juru gambar ku Byron Unger; Lazarus

Ditarjamahkeun ku Kurnia Arifin
Disaluyukeun ku M. Maillot; Tammy S.



Carita nomer 3 dugi 60

**M1914.org**

**Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg MB R3C 2G1 Canada**



Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.























Nuh Sareng Caah Gede

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kajadian 6-10

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

Gusti uninga urang parantos milampah seueur kasalahan, anu ku Mantena disebat dosa. Hukuman akibat dosa teh nyaeta pati.

Gusti kalintang mikaasihna ka urang, dugika Anjeuna ngutus Putra-Na Yesus, kanggo pupus dina kai palang, kanggo mayar sagala hukuman urang. Yesus gugah tina maot teras angkat ka Sawarga. Ayeuna Gusti parantos ngahapunten sagala dosa urang.

Upami Saderek hoyong kaluar tina sagala dosa Saderek, saurkeun ka Gusti : Nun Gusti, abdi percanten Yesus pupus dina kai palang tur ayeuna Mantena parantos hirup deui. Sumangga sumping kana kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi supados ayeuna abdi ngengingkeun hirup anu enggal, tur tiasa sasarengan sareng Gusti salalamina. Tuyun sim abdi supados tiasa hirup sakumaha kedahna abdi hirup salaku Putra Gusti. Amin.
Yoh 3:16

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten!

Sundanese


Gusti ngemutkeun ka Nuh yen caah teh bakal datang sareng nutupan sakuliah dunya.
3
“Sok geura nyieun bahtera anu gede pisan pikeun kulawarga maneh jeung sagala rupa sasatoan” Gusti marentah ka Nuh. Gusti masihan parentah anu jelas sareng rinci ka Nuh, atuh Nuh teh janten jalmi sibuk.
4
Panginten jalmi-jalmi sejenna moyokan ka Nuh, waktos Nuh ngajelaskeun alesanana naha
Nuh bet ngadamel bahtera. Tapi Nuh tetep we ngadamel bahtera eta.
5
Anjeuna oge tetep nyarioskeun ngeunaan Gusti ka jalmi-jalmi anu aya
disabudeureunana. Tapi teu aya saurang oge anu percanten kana sasauran Nuh.
6
Nuh teh ngagaduhan iman anu teguh, Anjeuna leres-leres percanten ka Gusti, kitu oge kulawargana, sanajan hujan teu acan turun, ...
7
... tapi Bahtera the tos siap, sadaya anu diperyogikeun oge ku Nuh tos disiapkeun.
8
Ayeuna sagala rupi saastoan daratangan. Gusti nyandak tujuh tina unggal jenisna, sareng dua tina jenis anu sanesna.
9
Manuk ageung, manuk alit, sasatoan anu galak, anu begang, anu jangkung daratangan ka Bahatera Nuh.
10
Panginten jalmi sanes mah sarurak maroyokan Nuh, waktos Nuh ngeusian bahterana ku sagala rupi sasatoan.
11
Maranehna teras-terasan ngalakukeun kajahatan, ka Gusti ngalawan. Maranehna ge teu haroyongeun lalebet kana bahtera Nuh.
12
Ahirna sasatoan, manuk-manuk lalebet
kana bahtera Nuh, “Sok ayeuna asup kana bahtera eta” Gusti marentah ka Nuh. “Maneh jeung pangeusi imah maneh” Nuh, istrina purtana tilu, minantuna lebet kana bahtera eta, teras Gusti anu nutup pantona.
13
Teras turun hujan. Hujan ageung teras-terasan dugika opat puluh dinten opat puluh wengi, kota-kota, desa-desa, sakuliah dunya janten kakeueum ku cai.
14
Waktos hujan tos liren, gunung-gunung oge janten kakeueum cai, sadayana mahluk hirup teh janten paraeh.
15
Waktos cai nyeueuran, bahtera Nuh the angkleung-angkleungan diluhureun cai. Panginten dilebetna teh poek, oyag-oyagan, panginten oge pikasieuneun. Tapi ieu bahtera teh janten tempat panyalindungan Nuh tina cai bah eta.
16
Saatos 5 sasih, Gusti ngintunkeun angin, lalaunan eta bahtera the kabawa kadarat di hiji gunung anu namina Gunung Ararat. Nuh masih keneh di lebet bahtera salami opat puluh dinten dugika caina
saat.
17
Nuh ngaleupaskeun manuk gagak sareng japati tina jandela bahtera. Tapi manuk eta teh uih deui ka bahtera Nuh, margi teu acan mendakan tempat anu garing.
18